



**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO
Alamat : Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp: (0286)322386**

ASSESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER GENAP

TAHUN PELAJARAN 2024-2025

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VIII (Delapan)
Hari/Tanggal :
Waktu :

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi menehi tanda ping (X) ana sawijining jawaban sing kok anggep bener !

1. Tembung Ramayana asale saka basa sansekerta, yaiku tembung...
 - a. Rama lan sinta
 - b. Rama lan ayana
 - c. Rama lan yana
 - d. Sinta lan Ayana
2. Tembung Ramayana tegese...
 - a. Cerita Rama lan anoman
 - b. Cerita Rama lan sinta
 - c. Lelakone Rama
 - d. Sinta diculik Rahwana
3. Cerita Ramayana katatah ing candhi...
 - a. Borobudur
 - b. Mendut
 - c. Dieng
 - d. Prambanan
4. Perang antarane Rama lan Dasamuka diarani...
 - a. Bharatayudha
 - b. Brubuh alengka
 - c. Perangbubat
 - d. Anoman obong
5. Ing cerita wayang Ramayana ratune para kethek kang aran...
 - a. Anoman
 - b. Anggodha
 - c. Subali
 - d. Sugriwa
6. Ana ing cerita Ramayana, Rahwana nduweni watak kang...
 - a. nyenengake, ora gampang kasinggung
 - b. ora gampang nesu, ora seneng ngremehake wong liya
 - c. arogan, kejem lan angkara murka
 - d. ora arogan lan ora sombong
7. Dewi Sinta digawa Rahwana menyang negara Alengka nggunakake...
 - a. Manuk garudha
 - b. Kereta kencana
 - c. Kidang kencana
 - d. Manuk elang
8. Serat wulangreh ditulis dening...
 - a. Susuhunan pakubuwono IV
 - b. Susuhunan pakubuwono V
 - c. Sunan Hamengkubuwono IV
 - d. Suna Hamengkubuwono V

Kanggo para putra putrid
Marang paraga wanita
Miyos jroning sasi april
Siji pitu wolu sanga
Selikur tanggalnya nenggih

9. Tembang ing ndhuwur kang kalebu tembang macapat...
 - a. gambuh
 - b. kinanthi
 - c. pangkur
 - d. asmarandana
10. Guru gatrane tembang macapat Kinanthi kasebut yaiku...
 - a. 6
 - b. 7
 - c. 8
 - d. 9
11. Guru lagu lan guru wilangan tembang kasebut yaiku...
 - a. 8i, 8i, 8i, 8i, 8i, 8i
 - b. 8a, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
 - c. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
 - d. 8u, 8a, 8i, 8a, 8i, 8u
12. Tibaning swara ing saben pungkasan gatra yaiku kanga ran guru...
 - a. lumaksita
 - b. gatra
 - c. wilangan
 - d. lagu
13. Ana ing tembang kasebut, tembung **miyos** kang tegese...
 - a. seda
 - b. gerah
 - c. lair
 - d. urip
14. Ana ing gatra lima, ngemu maksud...
 - a. Lair tahun sewu wolungatus pitung puluh sanga
 - b. Seda tahun sewu wolungatus pitung puluh sanga
 - c. Gunggung tahun siji wolu pitu sanga
 - d. Gunggung angka siji wolu pitu sanga
15. Sing ora kalebu jenising cerita legendha yaiku...
 - a. legendha keagamaan
 - b. legendha alam ghoib
 - c. legendha pribadi
 - d. legendha pawongan
16. Sing dadi tokoh ana cerita legendha dumadine candhi Prambanan yaiku...
 - a. Roro Jonggrang
 - b. Klenting Kuning
 - c. Joko Tarub
 - d. Baru Klenting
17. Ing ngisor iki sing ora kalebu cerita legendha yaiku...
 - a. Malin Kundhang
 - b. Keong Mas
 - c. Bawang putih
 - d. Kancil nyolong timun
18. Bakune gagasan crita ana ing legendha utawa cerita rakyat liyane diarani...
 - a. alur
 - b. tema
 - c. paraga
 - d. latar

19. Salah sawijining tetenger legendha yaiku imajiner, kang tegese...
- Ora diweruhi sapa sejatine kang nganggit
 - Dianggep duweke rakyat bareng-bareng
 - Nggambarake kedadayan-kedadayan kang mokal anane
 - Ngemu tuladha nyritakake bab ala lan bener kanggo tuladha
20. Unggah-ungguh kudu diterapake ing sadengah papan kang sinebut...
- tata tertib
 - tata laksana
 - tata karma
 - tata bawana
21. Antri sing sopan, wijik dhisik, njupuk panganan nganggo tangan tengen yaiku tuladhane...
- unggah-ungguh ing ndalan
 - unggah-ungguh ing kantin sekolah
 - unggah-ungguh ing papan umum
 - unggah-ungguh ing rumah sakit
22. Abang kupinge, cilik atine, entheng baune lan mata dhuwiten. Tembung-tembung iku kalebu tembung...
- saroja
 - bebasan
 - entar
 - paribasan
23. Baskoro melu lomba pidhato amarga.... mula entuk juara. Tembung sing pas kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku...
- gelem tangan
 - gadho ati
 - gedhe atine
 - gedhe omongane
24. Bocah ing sebrang kali kae yen dikandhani **kandel kupinge**. Tembung kang kacithak kandel ngemu teges...
- sombong
 - ndableg
 - seneng ngece
 - ora duwe isin
25. Ing kelas Adi disingkiri karo kanca-kancane amarga dhuwur atine. Tembung **dhuwur atine** kang tegese...
- sombong
 - ndableg
 - seneng ngece
 - ora duwe isin